ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЪАБЖЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№22-23 (21.182) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 7, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэм я Iуэхуки Э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЕджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ Iуэхущ1апIэхэмрэ я аспирантхэу, студентхэу едэжным, щIэныгъэ, творческэ IэнатIэхэм екъулIэныгъэ хэхахэр щызиIэхэр тегъэгушхэн икIи абыхэм социальнэ дэIепыкъуныгъэ етын мурадкIэ, **унафэ сощI:**

1. IэщIагъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ Iуэхущ1апIэхэмрэ очнэу щеджэ аспирантхэмрэ студентхэмрэ папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиеу 30 гъэувыл, абыхэм ящыщу:

аспирантхэм папщIэ стипендиеу 10, дэтхэнэри мазэм сом 2500-рэ хьуэу;

студентхэм папщIэ стипендиеу 20, дэтхэнэри мазэм сом 2000 хьуэу.

2. Къэщтэн мы Указым щIыгъхэу:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэм ятеуху Положенэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэмкIэ эксперт советым хэтхэр.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдэну ахьшэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыхуэфащэ финанс ильэсым тещIыхьа и республикIэ бюджетым къыхигъэкIыну.

4. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щIыщылэм и 4-м
№615-УГП

Гуэдэнхэр 2-нэ нап. тетщ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьаныкмкIэ зэгъэуIуакIуэ совету Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн и Iуэхуки Э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьаныкмкIэ зэгъэуIуакIуэ совету «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьаныкмкIэ зэгъэуIуакIуэ советым и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщтам мы кыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн Горев И. Е. - «ГидроОГК» акционер обществэ зэIуахэм и управляющэ директорыр - «Юг» дивизионым и унафэщIыр (ЗэгъэIуакIуэ советым и унафэщIым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ);

б) Къэзэмэт М. З., Хьэмэгъуокъу Л. М. сымэ я кIуалыкъухэм эрелъэр зэрыгъэхIэлъыкIуэкIэ мыпхуэдизу къэхьан: «Къэбэрдей-Балькъэнерго» акционер обществэ зэIуахэм и управляющэ директорым техникэ IуэхуэмкIэ и къуэдзэр (зэгурыIуауэ)», «Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхэр (зэгурыIуауэ)»;

в) Советым кыхэгъэкIыжын Юшин С. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 5-м
№616-УГП

● Хэхьныгъэ-2008

Псоми я лъабжьэ

Щышылэм и 28-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм пхьэндэ щрагъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и кандидатхэр ятха кандидатхэр къэзыгъэльэгъуа политикэ партхэмрэ законым ипкъ иткIэ къэрал СМИ-хэм эфир зэманыр ящытегущыэнымрэ къэрал печать къыдэкIыгъуэхэм тхыгъэхэр къыдэрытрадзэну щыкIэмрэ теухуауэ.

Агитацэ лъэхъэнэм мазаем и 2-м щIидзащ. Мазаем и 4 лъандэрэ кандидатхэмрэ партхэмрэ пщIэншэу къэрал телерадиорганизацэхэм эфир зэман къыщрат, къэрал СМИ-хэм тхыгъэхэр къытрырагъадзэ.

Агитацэ лъэхъэнэм гъатхэпэм и 1 пщIондэ екIуэкIынущ.

Корреспондентыр епсэльащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Джэш Вячеслав.

- Вячеслав, щIэныкIакIуэхэм иджыри зэ ягу къэдвгъэгъэкIыж «хэхьныгъэ хуитыныгъэхэмкIэ щэсыпэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа» Федерал законым хэхьныгъэхэм япэ кьыхуэ агитацэр зихуэдэр къызэрыщыгъэлъэгъуа щыкIэр.

- Ар хэхакIуэхэр хэхьныгъэхэм хэтыну, апхуэдэу езыхэм я кандидатхэм е нэгъуэщIхэм я телъхьэу е ахэр ямыдэу Iэ яIэтыну къэгъэдэIуэным, абы тегъэгушхуэным теухуауэ Урысей Федерацэм и цIыхухэм, кандидатхэм, хэхьныгъэ зэгуХьэныгъэхэм, хэхакIуэ блокхэм, жылагъуэ зэгуХьэныгъэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэщ.

ТегъэщIапIэ сщIыну сыхуейт «Формула права» ООО-м и Iэщ1агъэлI цIэрыIуэ Гамбашидзе И.А. абы теухуауэ итхар.

«... Агитацэр - ар лэжьыгъэщ. Псалъэм уеплъын хуейкъым абы кьикIыр зэбгъэщIэн папщIэ - абы псори кьокIыр, Iуэхуншагъэм кьинэмыщI. Ягу иримыхьэр хагъэкIыурэ, я псэм нэхъ дыхьэхэр пхагъэкIыну хущIокъу. ЖыпIэ хьунущ мыпхуэдизу: хэхьныгъэхэм япэ кьихуэ агитацэу къэплъыта хьунущ абы тещIыхьауэ зэфIагъэкI псори. Апхуэдэу щыщIткIэ, цIыхум зыри имылэжьамэ е зыгуэр зэрилэжьам щыхьэт техьуэ Iуэхуэхэр щымыIэмэ, абы жэуап ихыыркIым хабзэхэр кьыщэпауду зэхащIыхьагъэнкIэ хьунуэхэмкIэ».

- Ар хэхакIуэхэр хэхьныгъэхэм хэтыну, апхуэдэу езыхэм я кандидатхэм е нэгъуэщIхэм я телъхьэу е ахэр ямыдэу Iэ яIэтыну къэгъэдэIуэным, абы тегъэгушхуэным теухуауэ Урысей Федерацэм и цIыхухэм, кандидатхэм, хэхьныгъэ зэгуХьэныгъэхэм, хэхакIуэ блокхэм, жылагъуэ зэгуХьэныгъэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэщ.

- Вячеслав, СМИ-хэм щрагъэкIуэкIым къадэкIуэу агитацэм и нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэри щыIэ?

- Дауи. Псалъэм и хьэтыркIэ, кандидатхэр хуитщ агитацэ материалхэр кьыдагъэкIыну. Яшыкьуэ кандидатхэм Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хуагъэхьакIащ езыхэм а агитацэ материалхэм я пщалъэхэр. Хабзэм ипкъ иткIэ, апхуэдэ пщалъэхэр ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хуэдэуи, Урысейм и щIыналъэхэм я ХэхакIуэ комиссэхэми хуагъэхьын хуейщ.

Фигу кьэзгъэкIыжынщ иджыри зэман зэрыщыIэр: иджыпсту щIэхуабжьэ агитацэ лэжьыгъэр махуэ кьэс нэхъри жыджэру екIуэкIыну си гугъэщ. Агитацэр щрагъэкIуэкIкIэ, фIэкIыпIэ имыIэу законым тетын хуейщ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI зы Iуэхугъуэщ кандидатхэм хэхьныгъэхэм я я кьихуэу ирагъэкIуэ Iуэху псори зэхуэдэу кьагъэлъэгъуну законодательствэм кьыдэригъэувыр.

Урысей Федерацэм и Президентым и кандидатхэм я уполномоченнэхэм, политикэ партхэм я кьудамэхэм ящыщхэм быдэу селъэIуну сыхуейт «Хэхьныгъэхэм япэ кьихуэ агитацэм и Iуэхуки Э» Законым текI имыIэу тетыну. Фигу кьэзгъэкIыжынщи, ипэIуэкIэ екIуэкIа хэхьныгъэхэм политикэ партхэм я кьудамитIым губгъэн кьыщахьащ, полиграфием и Iуэхущ1апIэхэм ящыщ зыр административнэ жэуапым ирашэлIэн хуей хьуащ.

- Эфир зэманыр кандидатхэм ратрэ зыгъэпсэхугъуэ махуэмэ?

- Законым кьыдэригъэувымкIэ, пщIэншэу эфир зэман ират лэжьыгъуэ махуэхэм (тхьэмахуэ зэхуакум кьриубыдэу махуитхуитхуIэ), щэбэтыр абыхэм яхьыхьркым.

- Политикэ рекламэмрэ агитацэмрэ сыткIэ зэщхьэщыкIрэ?

- Политикэ рекламэм нэхъыбэ кьыщэщIеубыдэ, хэхьныгъэхэм япэ кьихуэ агитацэм нэхърэ. Рекламэ Iуэхур политикхэм, партхэм хэхьныгъэхэм зыщыхуагъэхьэщIу лъэхьэнэм и мызакIэуэу, абыхэм я зэхуакуэмэ кьыщагъэсэбэп. Хэхьныгъэхэм япэ кьихуэ агитацэр политикэ рекламэм и зы лIэужьыгъуэу кьалъытэ.

Си псалъэм и кIэуэхуу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и цIэкIэ Урысей Федерацэм и Президентым и кандидатхэм, ятха кандидатхэр къэзыгъэльэгъуа политикэ партхэм яжесIэну сыхуейт сэбэп кьахуэхьуну агитацэ Iуэхуэр ирагъэкIуэкIыну сызэригуапэр.

Епсэльар

ЧЕРЕМИСИНЭ Натальеи.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Э»
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр ещIэщIэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и дежи егъэхьын, Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2005 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№1334-I-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кьыщтащ 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Преамбулэм и еханэ абзацым хэт «республикэм» псалъэр хэгъэкIын.

2. 41 статьям и Iыхьэ 3-р хэгъэкIын.

3. 69 статьям и «ж» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къхьын:

«ж) Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр; Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и унафэкIэ къыхах налогхэр;».

4. 79 статьям и Iыхьэ 3-р хэгъэкIын.

5. 88 статьям и Iыхьэ 3-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къхьын:

«3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзащIэну Iмал щимыгъуэтым и дежи (зэрысымаджэм, зыгъэпсэхуакIуэ зэрыщIэм къыхэкIыу) я къалэнхэр егъэзащIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и къалэнхэр щигъэзащIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым хуитныгъэ иIэкIым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентыр зэбгригъэкIыжыну, апхуэдэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм ехьэлIа зэхъуэкIыныгъэхэр къыхилъхьэну.».

6. 99 статьям Iыхьэ 4-нэ дэщIыгъуэкIи, мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и бюджетыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъын папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кьыз эрегъэпэщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэпщытакъуэ-къуэзыбж палатэр, абы хэтхэмрэ ар зэрылажьэ щыкIэмрэ республикэм и законкIэ лубзыху.».

7. 100 статьям и Iыхьэ 1-м:

1) «о» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къхьын:

«о) Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэхэр къэщтэныр, ахэр гъэзащIа зэрыхъуэм теухуа отчетхэм едэIуэныр;»;

2) «р» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къхьын:

«р) бюджетым щымыщ щIыналъэ къэрал фондым и бюджетыр щыхъэращтэ щIыкIэр убзыхуныр; бюджетым щымыщ щIыналъэ къэрал фондым и бюджетымрэ ар гъэзэщIа зэрыхъуэм теухуа отчетымрэ къэщтэныр; бюджетым щымыщ щIыналъэ къэрал фондым и бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуэм кIэлъыплъыныр;»;

3) «т» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэ хуэдэу къхьын:

«т) Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм унафэ зытригъыщIыхь налогхэр гъэувыныр;».

8. 106 статьям и Iыхьэ 1-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къхьын:

«1. Законхэр кьыдэгъэкIынымкIэ жэрдэм кьыхалъхьэну хуитныгъэ яIэщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм, щIыпIэ самоуправлением и лIыкIуэ органхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэ Судым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Арбитраж Судым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм, ешым и унафэм щIэт Iуэхуэхэм ятеухуауэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и КIэлъыкIуэ-къэзыбж палатэм, жылагъуэ зэгуХьэныгъэхэм я щIэкIэ - абыхэм я республикэ органхэм.».

9. 107 статьям и Iыхьэ 1-м «г» пункт дэщIыгъуэкIи, мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«г) федеральнэ законым кьыщыгъэльэгъуа адрей Iуэхуэхэм».

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент К ЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 5-м
№5-РЗ

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и зи чэзыу зэIущIэ екIуэкIащ. Абы хэтахэм щыгъуазэ защIащ «2008 гъэм гъатхэпэм и 2-м Урысей Федерацэм и Президентыр щыхахкIэ Iэ зэраIэтыну бюллетеным тетыну тхыгъэм и Iуэхуки Э» УФ-м и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2008 гъэм щIышылэм и 1-м кьищта Унафэ №95/729-5-м.

ЗэIущIэм кьыщащтащ Урысей Федерацэм и Президентыр щыхахкIэ Iэ зэраIэтыну бюллетенэхэр, абыхэм трагъэуну дамыгъэ (маркэ) хэхахэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм зэрыгъэгуащэ щIыкIэр. Апхуэдэу ягъэбелджылащ бюллетенхэмрэ абыхэм трагъуэу дамыгъэ хэхахэмрэ зэрызэбграшыну щIыкIэр.

Абы елэжьынущ связым и Iэнатlэ хэхар.

Урысей Федерацэм и Президентыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыпIэ самоуправлением и органхэм хэтынухэр хэхьным зыхуэгъэхьэщIырыныр ахэр егъэкIуэкIыныкIэ КъБР-м щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм щапщIэ, абыхэм ирагъэбыдыIлащ унафэ кьыщащтэкIэ Iэ яIэтыну хунтыныгъэ яIэу республикэм и

Хэхакlуэ комиссэм хэтхэр.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ «1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ республикэ полиграф комбинат» къэрал Iуэхущ1апIэм Iэ зэраIэтыну бюллетенхэр щытридзэкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хэтхэр зэрыкIэлъыплъыну щыкIэр.

● КъБР-м МВД къет

ЩIэпхъаджащIэхэр къалъыхъуэ

Дыгъуасэ Налшык къэлъыхъэныгъэ Iуэхугъуэхэр щыкIуэрагъэкIуэкIыж Январым и 9-м и цIэкIэ щыIэ зэрамы тет зэхэм ящыщ зым и щIыхьэпIэм милицэм и лэжьакIуэхэм Iэщ1кIэ къащыхъуэу щIадзащ.

А зэхэхэм щIэпхъаджащIэхэм ящыщ зыр уIэгъэ щыхъуащ, милицэм и лэжьакIуэмэ и гъащIэмкIэ щынагъуэ зыпымылъ фэбжь игъэтащ.

ЩIэпхъаджащIэхэр ВАЗ-2106 425 къэрал номерыр зытель я автомашинэмкIэ щIэпхъуэжащ. Иужьым, Щаденкэ и щIэкIэ щыIэ уэрамым деж ар кьыщанэри, ВАЗ-21099, къэрал номер М113ВР 07 автомашинэм итIыхьащ. АвтомашинитIми лъы бжьыгъэхэр кьыщагъуэтащ.

Зи лъэужь кърахужкIэр 5-нэ микрорайоным щыIэ гаражэм деж ГАЗ-31105 «Волгэ» дыжьынывэ къэрал номер Х236АУ 07 автомашинэр щызыIэрагъэхьари, щIэпхъужащ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Жамбэрэ Наурбий и унафэкIэ республикэм дэжьэн щыщIидзащ «Перехват» планымрэ щытыкIэ кьызэрымыкIуэхэм деж хьыбар зэрырагъащIэ «Вулкан-5» сигналымрэ.

Налшык и дыхьэпIэхэмрэ дэкIыпIэхэмрэ зэхуэщIащ. Къэлъыхъуэныгъэхэр йокIуэкI.

ЩIэпхъаджащIэхэм я хэщIапIэм фыщыгъуазэмэ, дыныжольэ Iу фыкъэпсэльэну къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ органхэм мы телефонхэмкIэ: 40-49-10 е 02.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэ КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Правительствэр токI

Италием и президентым жиIащ къэралым и парламентыр зэрыгъэбрнуГIыпщыкIыжыну.

Iуэхур къыхэкIащ правительствэ кризисым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар къыгъэзыгъэпэща коалицэм хэкIыжащ «Демократием и телъхьэхэм я зэгуХьэныгъэ» партым щыщ хэр.

КъыкIэлъыкIуэ парламент хэхьныгъэхэр 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м ирагъэкIуэкIынущ.

Мазэ махуэгъэпсымкIэ

Китаим, Тайваным, Корее Инщэм щагъэлъапIэ мазэ махуэгъэпсымкIэ зэрыхьа и лъэсыщIэр.

А къэралхэм политикэ гъащIэр щыужьыхащ. Псори Хуэмакъуэ гуфIэгъуэр нэхъ ину зэраIэтыным.

Ауэ Китаим и дежкIэ мы махуэхэр тыншкъым. Къэралым и щIыпIэ куэдым щыпсэухэр гугъу ирегъэкь мазэм щIигъуауэ къатесэ уэс Iувым. **(ИТАР-ТАСС).**

● 1855 гъэм Iэ традзащ Курил хьтIыгуэхэр зэхуэгуэшыным икIи Сахалин зэгъуэзу къагъэсэбэпыным теухуа япэ урыс-японым зэгурыIуэныгъэм.

● Гренадэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ.

● 1968 гъэм къалъхуащ усакIуэ, ЩIДАА-м и членкорреспондент Бэлагъы Любэ.

● Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 19-м, къуэкъыщыщ сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 24-м.

● Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъи 5-рэ.

ПIалъэшэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьмэдщ.

Къэкъ Iущыгъэ:

ЛIыжьыр жьэгум макIуэри, щIалэр джэгум макIуэ.

Армением щызэгурыIуэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Зубков Викторрэ Армением и премьер-министр Саркисян Сержикрэ Ереван щызэгурыIуащ а къэралым и щIыналъэм уран зыщIэль щIыпIэхэр къыщахутэным икIи ар къыщIэхъыным зэгъуэгъуэ елъэжьыну.

Зубков Виктор ермэлы лъэныкъуэм хуигъэзэгъуащ ЩIымахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэр иригъэкIуэкIыным зыхуэзыгъэхьэзыр Сочи щекIуэкI ухуэныгъэ инхэм жыджэру хэтыну.

НаIуэу зэрыщытщи, Армением ухуэныгъэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэу хуигъэзэгъуащ ЩIымахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэр иригъэкIуэкIыным зыхуэзыгъэхьэзыр Сочи щекIуэкI ухуэныгъэ инхэм жыджэру хэтыну.

НаIуэу зэрыщытщи, Армением ухуэныгъэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэу хуигъэзэгъуащ ЩIымахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэр иригъэкIуэкIыным зыхуэзыгъэхьэзыр Сочи щекIуэкI ухуэныгъэ инхэм жыджэру хэтыну.

УнэщIэ гукъеуэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Медведев Дмитрий Якутием кIуащ.

А р щыIащ щIым кьулеигъэ ин дыдэхэр кьыщыщIах щыпIэхэу Мирный, Светлый жылагъуэхэм егъэщIылIахэм. ЩIыналъэм щыпсэухэм щепсалъэм, абы кьыхигъэщхьэхэхуIащ ЖКХ-мкIэ законым къэралым и ищхъэрэ лъэныкъуэм хуэгъэзэ зэгъэзэхуэжьныгъэхэр зэхэлъхьэн зэрыхуейр. Псом хуэмыдэу ткIийуэ щытщ жьы хъуа псэупIэхэм щIэсхэр унэщIэхэм гъэIэпхъуэныр. ЖыпIэ хьунущ а лэжьыгъэр мыбы кьыщыгъэтеувыIауэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2006 гъэм мы Iуэхум хуэхар сом мелуани 10 кьудейщ. НэгъабгъэрыгнэхьыфащIыкьым. Ар кьыщхуэмытыгъэн хуэдизу мащIэ дыдэщ, - жиIащ УФ-м и Президентым и кандидатым.

Дыгъуакlуэу пIэрэ?

Москва и Симонов судым кьыщэтригъэувыIащ «ЮКОС» компанием и вице-президенту щыта Алексеиз Василий и Iуэхум хэлъхьныр.

Уэчыдхэм кьагъэув СПИД зэрыр зэрыкIрытым кьыхэкIыу ар хуит кьащIыжыну. АршхьэкIэ судым кьилыытащ абы щеIэзапхъэр изоляторым и сымаджэщыр арауэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, хьэрычэтыщIэр ягъэкъуанщэ сом мелуан куэд зэхидыгъуауэ.

Иджыри щэсыпIэ щыIэкъым

Польшэм и премьер-министр Туск Дональд Москва къэкIуэн и пэкIэ жиIащ а къэралым и пльапIэр НАТО-мрэ Евросоюзымрэ зэрырарар.

- Дэ дыщыщщ ЕС-м и унагъуэм икIи а политикэм быдэу дытетынущ, ауэ ПРО-м и Iэмэпсымэхэр Польшэм щыхагъэщэнрэ и гугъу пщIымэ, Iуэхур зыхуэкIуэнур идкьыри бесджылыкым: дэ зыри щэсыпIэ кьытхуиувакъым а ракетэхэр ди щIыналъэм щагъэувмэ, ди щIыхухэм я шынагъуэншагъэр кьыщэрызэрагъэпэщынум теухуауэ, - кьыхигъэщхьэхэкIащ Туск Дональд.

Уэс кьыгуэуэхэр

Транскавказ гъэзэгр арегъэру зэхуащIын хуей хьущ - кьуршхэм щызэтрихьа уэсыр кьехьынкIэ щынагъэщ.

Иужь махуэхэм Камчаткэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэу 15-м уэс кьыщыгъуэащ. ЦIыху хэкIуэдакьым.

МафIэгуэхэр зекIуэркьым

Венгриеи и гъэщIэгъуэгу лъэжьакIуэхэр лажьэркьым - абыхэм кьагъэув я улахуэхэм хагъэхьэну.

ЗэкIэ абыхэмрэ правительствэмрэ зэгурыIуэркьым. Абы и зэранкIэ Европэмрэ Урысейм рэ зэпызыщIэ мафIэгуэхэр зекIуэркьым.

Правительствэм и Унафэщ1 Зубков Викторрэ Армением и премьер-министр Саркисян Сержикрэ Ереван щызэгурыIуащ а къэралым и щIыналъэм уран зыщIэль щIыпIэхэр къыщахутэным икIи ар къыщIэхъыным зэгъуэгъуэ елъэжьыну.

Зубков Виктор ермэлы лъэныкъуэм хуигъэзэгъуащ ЩIымахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэр иригъэкIуэкIыным зыхуэзыгъэхьэзыр Сочи щекIуэкI ухуэныгъэ инхэм жыджэру хэтыну.

НаIуэу зэрыщытщи, Армением ухуэныгъэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэу хуигъэзэгъуащ ЩIымахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэр иригъэкIуэкIыным зыхуэзыгъэхьэзыр Сочи щекIуэкI ухуэныгъэ инхэм жыджэру хэтыну.

Иджыри щэсыпIэ щыIэкъым

Польшэм и премьер-министр Туск Дональд Москва къэкIуэн и пэкIэ жиIащ а къэралым и пльапIэр НАТО-мрэ Евросоюзымрэ зэрырарар.

- Дэ дыщыщщ ЕС-м и унагъуэм икIи а политикэм быдэу дытетынущ, ауэ ПРО-м и Iэмэпсымэхэр Польшэм щыхагъэщэнрэ и гугъу пщIымэ, Iуэхур зыхуэкIуэнур идкьыри бесджылыкым: дэ зыри щэсыпIэ кьытхуиувакъым а ракетэхэр ди щIыналъэм щагъэувмэ, ди щIыхухэм я шынагъуэншагъэр кьыщэрызэрагъэпэщынум теухуауэ, - кьыхигъэщхьэхэкIащ Туск Дональд.

Уэс кьыгуэуэхэр

Транскавказ гъэзэгр арегъэру зэхуащIын хуей хьущ - кьуршхэм щызэтрихьа уэсыр кьехьынкIэ щынагъэщ.

Иужь махуэхэм Камчаткэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэу 15-м уэс кьыщыгъуэащ. ЦIыху хэкIуэдакьым.

МафIэгуэхэр зекIуэркьым

Венгриеи и гъэщIэгъуэгу лъэжьакIуэхэр лажьэркьым - абыхэм кьагъэув я улахуэхэм хагъэхьэну.

ЗэкIэ абыхэмрэ правительствэмрэ зэгурыIуэркьым. Абы и зэранкIэ Европэмрэ Урысейм рэ зэпызыщIэ мафIэгуэхэр зекIуэркьым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэм я Iуэхуки Э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЕджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ Iуэхущ1апIэхэмрэ я аспирантхэу, студентхэу едэжным, щIэныгъэ, творческэ IэнатIэхэм екъулIэныгъэ хэхахэр щызиIэхэр икIи абыхэм социальнэ дэIепыкъуныгъэ етын мурадкIэ, **унафэ сощI:**

1. IэщIагъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ Iуэхущ1апIэхэмрэ очнэу щеджэ аспирантхэмрэ студентхэмрэ папщIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиеу 30 гъэувыл, абыхэм ящыщу:

аспирантхэм папщIэ стипендиеу 10, дэтхэнэри мазэм сом 2500-рэ хьуэу;

студентхэм папщIэ стипендиеу 20, дэтхэнэри мазэм сом 2000 хьуэу.

2. Къэщтэн мы Указым щIыгъхэу:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэм ятеуху Положенэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэмкIэ эксперт советым хэтхэр.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдэну ахьшэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зыхуэфащэ финанс ильэсым тещIыхьа и республикIэ бюджетым къыхигъэкIыну.

4. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щIыщылэм и 4-м
№615-УГП

Гуэдэнхэр 2-нэ нап. тетщ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьаныкмкIэ зэгъэуIуакIуэ совету Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн и Iуэхуки Э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьаныкмкIэ зэгъэуIуакIуэ совету «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьаныкмкIэ зэгъэуIуакIуэ советым и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщтам мы кыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн Горев И. Е. - «ГидроОГК» акционер обществэ зэIуахэм и управляющэ директорыр - «Юг» дивизионым и унафэщIыр (ЗэгъэIуакIуэ советым и унафэщIым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ);

б) Къэзэмэт М. З., Хьэмэгъуокъу Л. М. сымэ я кIуалыкъухэм эрелъэр зэрыгъэхIэлъыкIуэкIэ мыпхуэдизу къэхьан: «Къэбэрдей-Балькъэнерго» акционер обществэ зэIуахэм и управляющэ директорым техникэ IуэхуэмкIэ и къуэдзэр (зэгурыIуауэ)», «Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхэр (зэгурыIуауэ)»;

в) Советым кыхэгъэкIыжын Юшин С. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 5-м
№616-УГП

Армением щызэгурыIуэ

**УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Зубков Викторрэ Армением и премьер-министр Са

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкIа Указ №15-УП-мкIэ къыщыгаз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэм ятеуха

Положенэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэр (адэкIэ-стипендиехэр) хуагъэув Iэщlагъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэ Iэхъущlапlэхэм охъунэ щlэныгъэм, гъэсагъэм, щlэныгъэ еджаным, щlэныгъэ, творческа Iэмыгъэм хэхауэ екъулIэхэм.

2. Стипендиехэр къратын папщIэ къагъэлъагъуэ Хьунущ екъулIэныгъэ хэхаехэр зэрапIэм и щIыхьэ аттестацэхэр, экзаменхэр фIыуэ зытахэр, дунейпсо, урысей, федеральнэ округ, щIыналъэ конкурсхэм, олимпиадэхэм, фестивалхэм, епIыныгъэхэм зэрыщытекIуамкIэ дипломхэр е нэгъуэщI документхэр зиIэхэр, ахъунэ щlэныгъэщхьэм папщIэ ратехэр, щIэныгъэ журналхэм зи Iэмэ Iэмэ щхьаехэр.

3. Стипендиехэр нэхъ зыхуагъэфащэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ еджапIэхэм, щIэныгъэ Iэущlапlэхэм я аспирантхэмрэ студентхэмрэщ.

4. Стипендиехэр зыхуэфащэхэм яхуэзыгъэувыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым стипендиехэмкIа и эксперт советрэщ (адэкIэ - эксперт совет). Эксперт советым хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къецIэ.

Эксперт советым и унафэхэр кьащтэ эксперт советым хэтхэм ящыщу зэIущIэм кърихьэлIэхэм нэхъыбэм зэIуахуэ Iэ зэрадтам тету. Стипендиехэр ирратыну Iэ зыIэтахэмрэ и зыIэтахэмрэ я бжыгъэр зэхуэдиз нэужым, унафэр кьащтэ зэIущIэр езыгъэкIуэкIым Iэ зэрилъытам тещIыхьауэ.

5. Стипендиер зыхуэгъэфащэ зиIэ зэрилъытам тещIыхьауэ:

студентхэм - илъэсым тIэу, гъатхэпэм и 1-мрэ фокIадзам и 1-мрэ, зы еджэгъуэ семестрым тещIыхьауэ;

аспирантхэм - илъэс къэс жэпуэгъуэ и 1-м, зы гъэ еджэгъуэм тещIыхьауэ.

7. Стипендиехэр зратыпхъуэ къалыытэ кандидатхэр кьаГъэлъагъуэ хьунущ Iэщlагъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэ Iэхъущlапlэхэм я щIэныгъэлIэхм (егъэджакIуэхэм) я советхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм, жьлагъуэ зэгурыIуэныгъэхэм, эксперт советым хэтхэм. Абы теухуа зыхуэфащэ тхыгъэхэр эксперт советым ягъэхь мы Положенэм и пункт 6-м къыщыгъэльагъуэ стипендиер щратыну махуэр къэсыным тхьэмахуитI иIэжу.

8. Щхьэусыгъуэ пыхуэкIахэр зэрыщIэм тещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъаджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм, эксперт советым хэтхэм я Iэщlагъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэ Iэхъущlапlэхэм я щIэныгъэлIэхм (егъэджакIуэхэм) я советхэм къызэрыхьэлъэ тету, эксперт советым хуитыныгъэ иIэщ аспирантхэм, студентхэм хуагъэувауэ щыта стипендиехэр етыныр нэхъ пасэу щигъэтыжыну.

9. Стипендиехэр зытыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъаджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэрщ.

10. Стипендиехэр тыным текIуадэ ахъщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхах.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкIа Указ №15-УП-мкIэ къыщыгаз

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэмкIэ эксперт советым

хэтхэр

Къэжэр А.Хь - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщlэр (*эксперт советым и унафэщlэу*)

Дыщэкl М.Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlэм и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» Iэщlагъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ нэхъыщхьэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатэр (*эксперт советым и унафэщlэм и къудэзыгъэ*)

Цlыхьэгъэпсо С.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрэ (*эксперт советым и унафэщlэм и къудэзыгъэ*)

Дадэ И.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщlэм и къудэзыгъэ (*зэгурыIуэныгъэ*)

Жэрыкъуэ Б.Хь. - Урысей Федерацэм МэкъумэщI хозяйствэмкIэ и министерствэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ипэ Президент КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщI академие» Iэщlагъэ щрагъэгъуэт и федеральнэ къэрал еджапIэ нэхъыщхьэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр (*зэгурыIуэныгъэ*)

Иуан П.М. - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и тхьэмадэр (*зэгурыIуэныгъэ*)

Къуэныкъуей А.С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къудэзыгъэ

Нэгъуей А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъаджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм щIэныгъэмрэ профессионалыз егъаджэныгъэмкIэ и къудамэм и Iэщlагъэлl нэхъыщхьэр (*эксперт советым и секретарь*)

Пащты Б.С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэм и Iэхъуэхэмрэ ямылагъуэ зэгуфъынгъэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщlэр

Рахаев А.И. - «Гъуэдзджэ» Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» Iэщlагъэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэ нэхъыщхьэм и ректорыр (*зэгурыIуэныгъэ*)

Тхьэгъэпсо Хь.Хь. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» Iэщlагъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ нэхъыщхьэм и Социально-гуманитар институтым философиемкIэ и кафедрэм и профессорыр (*зэгурыIуэныгъэ*)

Ижыбгъагъэ КъБР-м (Iэжыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и мминистерствэм зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы къыщапщытэжащ 2007 гъэм министерствэм ирихьэкIуэжа Iужьуныгъэр, апхуэдэуи дызыхьыхьа ильэсым къапщытыкъуэнэхэр ящубыхуащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlэм и къудэзыгъэ **Дышэкl Мадинэ**, КъБР-м Iэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**, абы и къудэзыгъэ **Къуэныкъуей Фатимэ**, КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къудэзыгъэ **Къуэныкъуей Аслъэн** сымэ.

Тюбеев Альберт убгъуауэ тепсэлыхьащ министерствэмрэ абы кьепха Iуэхущlапlэхэмрэ зэфIагъэкIа гъэкьыгъэщхьэм, абы кьрикIуаэхэм, зыхуэнмысу кьэнаэхэм.

- 2007 гъэм министерствэм и Iэжьыгъэр зыхуэунэтIауэ щытар КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ кьыгъуэгъуваэу щыта, социальнэ мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэнхэр гъэзэщIынырщ, - жиIащ Тюбеевым. - Абы ипкъ иткIэ, -2007-2011 гъэхэм ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, зи ныбжь хэкIуэта цIыхуэхэр социальнэу дэIыгъынкIэ зыужь щыт республикэ программэр зэхэдгъэуващ, апхуэдэуи цIыхуэхэм я псэукIэр ефIэкIуэн, хуащIэ Iуэхутхьбзэхэр тэмэму кьызэгъэпэща хьун папщIэ, унафэхэр кьэтщтащ.

Къэбгъэльагъэмэ, КъБР-м Статистикэмкl и комитетым кьызэрипщытамкIэ, 2007 гъэм и щIыпIыпIэ-щэкIуэгъуэ мазаэхэм кьрихьыдэу республикэм щат ику ит улахуэр гъэ 6946, 4-рэ хъуащ, ар нэгъабгъэрейм елыытауэ процент 25,5-кIэ нэхьыбэщ. Дызэрыт пъэхъэнэм япэ идгъэщ Iуэхугъуэхэм ящыщщ зыIэщIэ емыльытауэ предприятэ псоми щат улахуэр абы щылажьэхэм я унагъэр ирагъэпсэуфын хуэдэу хэдгъэхъуэну. Апхуэдэуи улахуэм этеуа щIыхуэхэр зэрытпщыныжьынымэ и ужь дитщ. Улахуэ ямытурэ зэтриIыхьа щIыхуэр 2006 гъэ льандэрэ процент 95,3-кIэ хэдгъэщIащ, абы ипкъ иткIэ, 2008 гъэм щIыщыIэм и 1-м ирихьэлIэу къэнэжар com мелуанитIщ.

Министерствэм мазэ къэс лIэужьыгъуэ тIощIу зэщхьэщыкI пособиехэр щIыху мин 220-м ирет. Абы щыщу нэхь къыхэгъэщIапхъэр бынунагъэ хуэмыщIахэм псэупIэ зрагъэгъуэтын, коммунальнэ Iуэхутхьбзэхэм я уасэр ятын папщIэ хуэхах субсидиехэрщ. Апхуэдэу 2007 гъэм унагъуэ 17588-м com мелуани 102,5-рэ гъэ ирихьэлIэу щыта, социальнэ псэупIэ етташ Хэку зауэшхуэм хэта зы ветераным, цIыху ныкъуэдыкIуэ 41-м, сабий ныкъуэдыкIуэ зиIэ унагъуэм 8-м, зауэ зэхуэмыдэхэм хэта ветеран 21-м.

2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, 2008 гъэр Унагъуэм и илъэсу ягъэуващ. Абы Iэмал кьыдитынущ кьэралри жьлагъуэри зэкьакъуэ унагъуэм пщIэр, и Iуныдыжь къэIэтыжьынымкIэ. Мы илъэсым кьриIуфыдэу бынунагъэшхуэхэм, щапхъэ зытрах унагъуэхэм защIэтэкъуэн и Iыхьэкъуэкlэ республикэм щедгъэкIуэкIыну гъэкьыгъэ дубыхуащ. Демографире щытыкIэр едгъэфIэкIуэн папщIэ, ди гъэкьыгъэм щIэуэ кьыхэдгъэкьаэм ящыщщ «Анэм и щIыхь» медалыр. Ар зыхуэдгъэфащэ бынитху зиIэ анэхэм сабийхэм я сом мин пщIыпIыщI щIыгъуу етIынущ. 2008 гъэм и щIыщIэм кьыхэдгъэкIыжащ, сабийитху е нэхьыбэ зэрыс унагъуэ 2440-рэ диIэщ. Бынипщ е нэхьыбэ зыпI анэм ират ахъшэм «Газель» автомобиль щIыгъунущ.

Тюбеевыр адэкIэ кьыптеувIащ кьыхэдэнэкIа ильэсым цIыкIуэм я узынщагъэр зэфIэгъэувжьыным, зегъэгъэпсэжным гупытэ щхьэ хуэ зэригъэтам. Апхуэдэ Iуэхутхьбзэхэр ныбжьыщIэ 5084-м хуащIащ. Кьыщынэмыщlауэ, сабийхэм я узынщагъэр щыхэфIагъэувэж «Iэгъэпыкlуу» республикэ центрым бынунагъэушхуэхэм унагъуэ хуэмыщIахэм кьахэкIа ныбжьыщIэ 4960-м щеIэзащ, а бжыгъэм хэтщ я анэхэр я гъуэгу дыдэм щыта сабий ныкъуэдыкIуэ 520-рэ. Къэбгъэльагъуэмэ, 2007 гъэм кьриуфыдэу Iэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм и фIыгъэкIэ ди республикэм ис сабий 8614-м загъэлсэхуащ икIи я узынщагъэр зэфIагъэувэжащ.

Министрым и къудэзыгъэ Амщокъуэ Фатимэ и кьэпсэльэныгъэр зытеуухауэ щытар «Анэм и щIыхь» медалыр зратыну кьагъэхъуэлIауэхэм я бжьыгъэр, цIэ-унэцIэ хэр убзыхуэныр щIащ.

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къудэзыгъэ Дышэкl Мадинэ КъБР-м и Правительствэм и щIыхь тхыльхэр яритащ балигъ мыхъуахэм щадэлажьэ «Iэмыс» социально-реабилитацэ республикIэ центрым и унафэщlым и къудэзыгъэ Дол Заурбэчэрэ Нащщык кьадэ дэт, зи зыужьыныгъэкIэ адрей сабийхэм кьакIэрыхуэ ныбжьыщIэхэр щапI школ-интернатым и медсестра нэхъыщхьэ Тенджыз Знинадэрэ.

Iэщlэпыджэ Замирэ.

Дызэрыт зэманым экологием и щытыкIэм куэд егъэпIейтей. Ар хъунэмыи щIэгъэджыкIын хуейщ кьыттщIэхьуэ щIэблэр. Апхуэдэ кьалэн эн пщэ дэлъхьэм ящыщщ химе щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Щауэ Iэбубэчыр Хьэсэн и къуэр.

ЩАУЭ Iэбубэчыр:

ЩIыуэпсыр дывгъэхъумэ

● Ди псэтъэгъуэхэр

- Iэбубэчыр, уи Iэщlагъэр кьызэрыхэпхам утхутепсэлыхьамэ, ди гъапэ.

- Сэ щIэщым сыхуеджэну си нэ кьикIыу курыт школыр кьэзухащ. Ауэ химиемрилажьэ, пщIэшхуэ зиIэ щIэныгъэлI гуэрым теухуа тхыгъэ газетым кьыттрадзауэ отьэгъуат, а щIэныгъэм и телъыджагъым, и гъэщIэгъэнагъым сехьуапсэри, а уэрэтыныгъэм зестыжащ. А предметымкIэ дагъэджахэр зэрыщыту кьэспщытэжри, 1972 гъэм КъБКъУ-м химиемкIэ и кьудамэм сыщIэтIысхьащ. Ар кьэзухри, «Севкавлектроприбор» заводым лэжьэн щыщIэздзащ. Нужь-кIэ Баку сыкоплекуляриIэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым срагъэблагъэри, 1987 гъэм химие щIэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэр пхызэгъэкIащ.

ХимиемкIэ егъэджакIуэу сыпщIащ. Ауэ ди университетымкIэ кьудамэр зэрыщIэрыIуахэр абы сыщолажьэ.

- Iэубэчыр, фи кьудамэм еджэн щыщIадза нэужь, ныбжьыщIэхэм дыкъэзыухъуреихь дунейм хуаIэ епльыкIэм зихьужу, зыхуеджащэм и мыхьэнэр кьагурыIуэу гу лъитэрэ?

- Янэрауэ, кьыхэзгъэщIну сыхуейщ ди кьудамэр кьызэрыгъэрагъэпэщрэ куэд зэрымышIар. Апхуэдэ кьудамэ университетым зэриIэр зымыщIэжар мащIэкъым. Къабардэ-Балъкъэрмэ хуедгъэжнур нэгъэсауэ я нэгу кьахущIэгъэныхьэркъым. Мы нэужь илъэситI-щIэнущIэ нэхъ иIэ хъуауэ аращ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, ди студент псоми экологнэс кьаэхэкIну си гугъэкъым. Псоми зэрыщIэщи, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтын кьудей щхьэкIэ кьыщIэтIысхьэхэр машIэкъым. Экологиер яджыну мурад зиIэу кьаIуэхэм ябгъэдэтлъхьэ щIэныгъэр яфIэмащIэу, езырезыру нэхъыбэж зэрызрагъэщIэным пылъхъэщ. Апхуэдэхэм, уэрамым зыгуэр щыхьифIэбдзамэ, кьуагъэщтэкъыну и ужь йохьэ, е ельхъэм кьыпIэпIэащIыпIэжынущ. Абы кьикIыркъым экологхэм дыкьэзыухъуреихь дунейр, адрейхэм яуцIэпIыр, ягъэкьабзэу щытын хуейуэ. Псори зы дунейщ дызытетыр, псоми ди зэхуэдэ кьыалэнщ ди

- Ди республикэм и экологием зэран нэхъ хуэхъуу кьэпльыпIэ сыт?

- Дызэрыт лъэхъэнэм республикэм и экологием зэран хуэхъун комбинатэ, заводи, фабрики иIэжкIэ. Ильэсыпу ди экологием нэхьыбэу зэран хуэхъур ящыкIи кьриIуфыдэ. Iуфыгъэмрэ абы кьыIэт сабэмрэщ. Псом хуэмыдэу ар зэран яхуохьу кьалэдэсхэм. Итlанэ, димыгъэпIейтейуэ кьэнэрхькIи кьалэкIуэр ягъэкьабзэ у, ягъэдахэурэ кьалэ гъунэхэр кьызэрыгъанэм. Апхуэдэу экологиер хьума хьунукьым. КьыхэзгъэщIну сыхуейт нэгъэ ущI зыгуэри - гъ уэгуэхэм иральхъэ асфальтыр цIыхуэм и узынщагъэмкIэ инкъуэкIэ зэрыщIэрныр. Пэжщ, гъэзгу тэмэм псори дыхуейщ, ауэ асфальтым газ мыхъумыщIэ кьыхеху. Ар гъэзгу лэжьакIуэхэм дежкIэ инкъуэкIэ зэранщ. Абы щыIэр ес, Iэпкъльэпкъыр кьеГъэпль, абы пшыхъ уэ кьыхэкIынкIэ мэхъу.

- Дауи, экологием ущыхуэдажьэкIэ, ар хьунэм и льэныкъуэкIэ уэри лажьы-гъэ гуэрхэр ебгъэкIуэкI кьыщIэкIынщ.

- Ильэс зыбжанэ хьуауэ пластмассэ кIэрыхуэбжьэрыхуэхэм сэбэп хуэн зыгуэрхэр кьэзыхуэхащIыкI Iэмалхэм солэжь. Ар инкъуэкIэ сэбэпу кьыщIэ ихьу, сыт щIэкъэкIэ жьпIэмэ, дызыхуэмеиж пластмассэр куэншыбым кIуэркъым, дунейри иуцIэпIыркъым, гъащIэми кьыщытхуощхьэпэ. Цыхуэм и зэран щIыуэпсым емыкIым папщIэ, куэншыбым дгъэкIуэну зи ужь дит Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ уелэжьыжьын хуейуэ аращ. Иджыпсту дуней псор иолэжь «кIэрыхуэншэ технологие» яхьуэнIэм. Ар зытеуухуар продукцэ кьыщыдэбгъэжьым деж, кIэрыхуэбжьэрыхуэхэр хьIамыдзэу етIуанэу кьыхэзгъэгъэсэбэпыжьынырщ. Ар, хуеймэ, сытуи щрырет - иретхьпльмпIэ, иреудобренэ, ирекислота.

- Iэбубэчыр, ди газетеджэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт, дыкьэзыухуреихь дунейр хьумэным теухуауэ?

- Псори кьыщIежьэжыр гъэсэныгъэращ, абы нэхъ дыкIэльыпIныну сыхуейт. Ар щIыжьысIэр машинэм птулькIэ нэщ кьрадзрэ гъуэгум кьыртранэу, гъэзгурыкIуэм кьэншыбыр кьышIэрадзэжкIыу куэдрэ сыпшынуэ. НэхъыщIэ дыдэр сэрат. Си адэр зауэм щраджам, 1942 гъэм, си ныбжьыр илъэсищ ирикьуатэкьым.

Балигъ ирехьу, иресабий, Хэку зауэхуэм кьихьа кьулейсызыгъэр зи нэгу щIэкIа дэтхэнэ зыми ар зэи щыгъупщэнукьым. А пъэхъэнэм, зауэ нэужьым, теухуауэ зы Iуэхугъуэ ямылеIуэ си гум кьинащ, куэдри си нэгу кьыщIохьэж. Ноби кьаIэмыр щхьэщIэн хуей щIэкъуам щхьэсыгъуэ зэхъуар аращ.

Сэ сыкьыщалъхуа, сыкьыщIихьуа Жэрумэкъуэ кьуажэр 1926 - 1927 гъэхэм Щэджэм ЕтIуанэм кьыхэзгъэпсыкIри, иджыпсту Джэрмэнныкьыр здэщысын и щыбагъкIэ километр зыщыпIэ нэхъ пэмыжьыжьэ мэз гъьапэм жьыгагъуэ щитIысыкIат. Ар кьуажэшхуэтэхьым, унагъуэ 60-70 нэхьыбэ хьуртэкьым, псори зэрыщIыхьрт, гуфIэгъуэри пэщIэ хьеагъуэри я зэхуэдэу зэдыдахьырт. 1960 гъэм, жьлым дж нэхьыжьхэм я жэрдэмкIэ, щIащIыхуэ ди щIалэжь дыкьуэжьынущ - жаIэри, здиIэпхуэкIагъуэ щыта Щэджэм ЕтIуанэм дэтIысхьажауэ щытащ...

1948 - 1949 гъэхэм цIыхуэхэм хуэм-хуэмрэ зыкъажьыжьу хуежьащ. Хэтн джэдкъаз тIэкIу, хэтн зы жэм е IэщlцIыкIу зытIу зэрахуэрт. Дэри диIэт зы жэмжьыр, унагъэр дызыпIыр арат, абы кьндит гъэш тIэкIурт бынунэр дызыкъэсыщ. Ищхьэм щыдмыгъащIу си кьуэщ Баширрэ сэрэ адэкIэ-мыдэкIэ псы Iуфэхэм, мэз гъьапэхэм - мыльф тIэкIу щыпыдущIырт, ар пхыр тщIыжтн, дамэкIэ къэтхьурэ хуэдгъэтIысIыпынт. Губгъуэм гъьапэ кьэшрахьэлIэжа нэужь, зэрытхуэзэфIэкIкIэ кIэрыкуэбжьэрыхуэрэ зэхуэтхьсырт (а къэтщIапа тIэкIуэрэ хьэсэпхъуэмэхэм щыттрахьи щыщI, ар Iусу хуэдгъаввти едгъэщхьырт, дымыгъэпIыщIэу Iэщlэтъыпи щабэ, хуабэ, гъущэ хуэтщIырт, жьыпIэнурэ, зыхуэи хуэдгъаззу дегугъуу зетхуэрт.

Тэкlу зыкъажьжьыжу щIадзами, а пъэхъэнэм щIыхуэм налогышхуэ трапъхьэу щытащ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ зы махуэ гуэрым «Бабыщ» жери зыгуэр кьоджэ. (Арат ди анэм и щIэр). Ди анэр зыщIэкIмэ, ныбжьыщIэ дэ, ныбжьыщIэ дэ, гъуэт. Дунейм ущытеткIэ, гуфIэгъуэ гуаун уи нэгу щIокI, зыкъомэ уи гум йокIуж, ауэ мы фхуэсIуэгъэ Iуэхугъуэр сыпсэ-уху сщымыгупщэжьын дыркъуэзу си гум кьытенащ.

КъАРДЖИ Хьэсэн,
журналист, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и архивым и лэжьакIуэ.

● Гъащlэ

Дыркъуэ

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и мафIэ лыгъэм имыльпща, абы кьнхьа гуауэшхуэмрэ кьуоенкъыгъэмрэ зыгъэмыдэса зы унагъэм щыIэу кьыщIэкIынкъым. Сэри саныщщ а зауэ гуащIэгушхуэ Iэ щIыпIэкIэ зыгъэIэсахэм ядэнэжу кьнгъэнахэм.

ЗАУЭР нухат, щIыхьбзм я псэм теIэ бэлъыхьар текIыжат, ауэ абыхэм зыхуэдэ ягъэтырэтэжьыным, я ныбэ изу щхэр мащIэ дыдэт. 1947 - 1948 гъэхэр икъукIэ гъьейти, щхьэж зэрыхуэзэфIэкIэ хэпсэукIырт а пъэхъэнэ гугъум: хэти мэзым пхъэщхьэмыщIхэ кьыщищIыпырт, щIэрыкIуэ кьатIырт, хэти кьэзыр игъавэуэрэ бынунэм яригъэшхырт.

Ди унагъуэр цIыхупщI хьуауэ щытати, си адэ Къардэн Бидаал зауэм хэкIуадэт. Ди адэ анэм зэдгъэгъэта зэрыбынйм щыщу зауэ нэужьым кьэнэжар 3-т: зэкъэушитIрэ зы цIыхуэ. Нэхъыщ Iэ дыдэр сэрат. Си адэр зауэм щраджам, 1942 гъэм, си ныбжьыр илъэсищ ирикьуатэкьым.

Балигъ ирехьу, иресабий, Хэку зауэхуэм кьихьа кьулейсызыгъэр зи нэгу щIэкIа дэтхэнэ зыми ар зэи щыгъупщэнукьым. А пъэхъэнэм, зауэ нэужьым, теухуауэ зы Iуэхугъуэ ямылеIуэ си гум кьинащ, куэдри си нэгу кьыщIохьэж. Ноби кьаIэмыр щхьэщIэн хуей щIэкъуам щхьэсыгъуэ зэхъуар аращ.

Сэ сыкьыщалъхуа, сыкьыщIихьуа Жэрумэкъуэ кьуажэр 1926 - 1927 гъэхэм Щэджэм ЕтIуанэм кьыхэзгъэпсыкIри, иджыпсту Джэрмэнныкьыр здэщысын и щыбагъкIэ километр зыщыпIэ нэхъ пэмыжьыжьэ мэз гъьапэм жьыгагъуэ щитIысыкIат. Ар кьуажэшхуэтэхьым, унагъуэ 60-70 нэхьыбэ хьуртэкьым, псори зэрыщIыхьрт, гуфIэгъуэри пэщIэ хьеагъуэри я зэхуэдэу зэдыдахьырт. 1960 гъэм, жьлым дж нэхьыжьхэм я жэрдэмкIэ, щIащIыхуэ ди щIалэжь дыкьуэжьынущ - жаIэри, здиIэпхуэкIагъуэ щыта Щэджэм ЕтIуанэм дэтIысхьажауэ щытащ...

1948 - 1949 гъэхэм цIыхуэхэм хуэм-хуэмрэ зыкъажьжьыжу хуежьащ. Хэтн джэдкъаз тIэкIу, хэти зы жэм е Iэщlцыкlу зытIу зэрахуэрт. Дэрди диIэт зы жэмжьыр, унагъэр дызыпIыр арат, абы кьндит гъэш тIэкIурт бынунэр дызыкъэсыщ. Ищхьэм щыдмыгъащIу си кьуэщ Баширрэ сэрэ адэкIэ-мыдэкIэ псы Iуфэхэм, мэз гъьапэхэм - мыльф тIэкIу щыпыдущIырт, ар пхыр тщIыжтн, дамэкIэ къэтхьурэ хуэдгъэтIысIыпынт. Губгъуэм гъьапэ кьэшрахьэлIэжа нэужь, зэрытхуэзэфIэкIкIэ кIэрыкуэбжьэрыхуэрэ зэхуэтхьсырт (а къэтщIапа тIэкIуэрэ хьэсэпхъуэмэхэм щыттрахьи щыщI, ар Iусу хуэдгъаввти едгъэщхьырт, дымыгъэпIыщIэу Iэщlэтъыпи щабэ, хуабэ, гъущэ хуэтщIырт, жьыпIэнурэ, зыхуэи хуэдгъаззу дегугъуу зетхуэрт.

Тэкlу зыкъажьжьыжу щIадзами, а пъэхъэнэм щIыхуэм налогышхуэ трапъхьэу щытащ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ зы махуэ гуэрым «Бабыщ» жери зыгуэр кьоджэ. (Арат ди анэм и щIэр). Ди анэр зыщIэкIмэ, ныбжьыщIэ дэ, ныбжьыщIэ дэ, гъуэт. Дунейм ущытеткIэ, гуфIэгъуэ гуаун уи нэгу щIокI, зыкъомэ уи гум йокIуж, ауэ мы фхуэсIуэгъэ Iуэхугъуэр сыпсэ-уху сщымыгупщэжьын дыркъуэзу си гум кьытенащ.

КъАРДЖИ Хьэсэн,
журналист, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и архивым и лэжьакIуэ.

● ЩIалэгъуалэ

ЩIДАА-м и вице-президент, филологие щIэныгъэхэм я доктор Бэчыжь Лейлэ и щIалэгъуэм Ленинград къэрал университетым щеджащ.
Сурэтыр 1953 гъэм тракащ.

● Ди сурэт гъэпIыныгъэхэр

● КъБР-м и Прокуратурэм

Хабзэр лэжьакIуэхэм я телъхьэщ

Республикэм и прокуратурэм иджыблагъэ щыIэжащ предприятэхэм, организацэхэм, хьэрычэ Iуэхущlэкъм гъжьащIэр и зэманым нкIи ирикъуу зэрыщытым кIэдъыдпыным кърикIуахэр. Абы и лъэныкъуэкIэ зэрыщытым, Прокуратурэм апхуэдэ мыхьымщIагъэхэр къэмыгъэхъуным теуха тхыгъэу Iэнатlэхэм 169-рэ игъэхьащ, кьулыкъу зыщIэ щIыхуэр 175-м тIкIинуэ жраIащ пэжьапщIэр и зэманым зэрамытыр зэрыхуэмыдэнур. КьулыкъущIэу 124-м административнэ трапъхьащ, суд унафэкIэ адэкIэ лажьэ мыхьэну кьаIытатащ унафэщlу 5. Прокуратурэм илъэс кIуам кьрихьыдэу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр 576-рэ кьиIэтащ Iэнатlэхэм кьыщагъэсэбэп рагъэвовой актхэр законым кьыIэремыIэгъым теухуауэ.

Лэжьыгъэшхуэ зэфIэгъэкIа хуащIа пэжьапщIэмкIэ зэтрихьа щIыхуэр егъэпшыныжьынымрэ и пъэныкъуэкIэ. Апхуэдэ Iуэ хуэрэ тхьэусыхафэу судхэм 1258-рэ ягъэхащ, псори зэхэту щIыхуэу сом мелуани 9,8-рэ егъэшынжьынымрэ теухуауэ. А Iуэхухэм ящыщу 1064-м судхэр хэпльащ нкIи а псоми япэкIэу сом мелуани 9,5-рэ ирагъэпшынынымрэ унафэ кьащтащ. Адрей Iуэхухэм зэман благъэм кьрИуфыдэу хэпльэнущ.

Псори зэхэту прокуратурэм и Iэныкъуэхэм я фIыщIкIэ щIыхуэу ирагъэпшынынымкIэ сом мелуан 15-м нос. Абы кьыхэкIыу республикIэм нэхъ мащIэ щIыхуэщ лэжьапщIэр и зэманым нрихьэлIэу зэрамытым теухуа тхьэусыхафэхэр. ДызыкъуэкIа щIыхуэ и пэщIэдзэм ирихьэлIэу дэнэ щIыпIи апхуэдэ щIыхуэу щыIар сом мелуан 1,9-рэщ (2007 гъэм щIыщIыпIэм и 1-м ирихьэлIэу лэжьапщIэмкIэ щIыхуэр сом мелуан 14,7-рэ хьууэщIатащ).

Кьанэ щIагъуэ щымыIэу ищхьэкIэ кьэшыдгъэльэгъуа щIыхуэр щIэзэтрихьар предприятэ 4 къудейрщ (абыхэм ящыщу 3-р банкрот зэрыхьуам теухуа Iуэхугъэм хопльэ). Абыхэм ящыщщ «Партизанскэ ДП2» МУП-р (сом мин 511-рэ), Iуащхьэмахуэ районым и «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ департамент» МУП-р (сом мин 550-рэ), «Эльбрусводоканал» ОАО-р (сом мин 556-рэ), «Курорт хуабэзнергэ» къэрал унитарнэ предприятэр (сом мин 569-рэ).

Прокурор кIэпыпльыныгъэм хуэдэ щIыхуэ Iуэхугъуэ жьаапщIэмкIэ щIыхуэ зэрательыр къэзымыгъэльагъуэ Iэнатlэхэр сэтей къызэращIар. Апхуэдэ хабзэннагъэхэр зыпIэжьахэм ехьэлIауэ административнэ Iуэ 12-рэ къызэIуахащ. Iэжьапи Iэ зытхэм ящыщу 26-рэ административнэ мэуапым ирашэлIащ, япэ разрядым ирилажьэхэм папщIэ зэнатlэм ирихьэлIэ мащIэ хуей лэжьапщIэм хуэдиз мыхьу улахуэ щIыхуэм зэрыхуагъэувам папщIэ.

Республикэм и прокуратурэм и органэхэм, УФ-м Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щIыпIэм итхэр кIуам кьрихьыдэу тхьэусыхафэ 48-рэ кьаIэрыхьащ щIыхуэм я лжьапщIэхэр и зэманым зэрымытым теухуауэ. УФ-м и УПК-м и 144 - 145 статьяхэм кьыхэзгъэувым ятеухуауэ, а уголовнэ Iуэхухэм ящыщу 5-р зэхэгъэкIын яухри, судхэм ирагащ. Адрей уголовнэ Iуэхухэм я нэхъыжь У-ф-м Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щIыIэр.

